


# BIBLA







Anpil fwa, genyen moun ki genyen pwoblèm pou yo li Bib la ki se pawòl Bondye a. Yonn nan rezon ke yo bay se paske yo pa konprann sa ke yo li a. Genyen moun ki di ke yo konprann Bib la men lè ou pale avè yo, ou kapab wè ke yo manke yon bagay. Pa genyen pèsonn ki konprann tout sa ki ekri nan Bib la. Men, si ou genyen yon konesans de baz sou Bib la, sa ap rann li pi fasil pou ou konprann sa ke wap li a.

Sentespri Bondye se kle pou ou konprann Pawòl Bondye a. Men, si ou pa envesti tan pou ou etidye Bib la, kòman pou Sentespri ede ou konprann sa ke wap li a ?

Pou kòmanse, Bib ke nou itilize a divize an 2 pati :

- 1- Ansyen Testaman
- 2- Nouvo Testaman

Nou jwenn 39 liv nan Ansyen Testaman an, epi 27 liv nan Nouvo Testaman an. Sa bay yon total de 66 liv nan Bib la.

## **Ansyen Testaman.**

Ansyen testaman ke nou itilize a se menm liv sa yo ki konpoze Bib ke jwif yo itilize a. Jwif yo rele Bib yo a « **Torah** » osinon « **Tanakh** » ; men, pi souvan, lè yo pale de Torah a, se de 5 premye liv Moyiz yo ke yap pale.

Tanakh la genyen menm liv ke nou jwenn nan Ansyen Testaman nou an esepite Tanakh la divize an 24 liv olye de 39 liv.

Nou gen dwa divize ansyen testaman an 5 pati :

- a- **5 liv Lalwa yo** : Jenèz, Egzòd, Levitik, Resansman, Deteronòm.
- b- **12 liv Istwa yo** : Jozye, Jij, Rit, 1 Samyèl, 2 Samyèl, 1 Wa, 2 Wa, 1 Istwa, 2 Istwa, Esdras, Neemi, Estè.
- c- **5 liv Pwezi yo** : Jòb, Sòm, Pwovèb, Eklezyas, Chante Salomon.
- d- **5 liv Gran Pwofèt yo** : Ezayi, Jeremi, Plenn, Ezekyèl, Danyèl.
- e- **12 liv Ti Pwofèt yo** : Oze, Jowèl, Amòs, Abdias, Jonas, Miche, Nawoun, Abakouk, Sofoni, Aje, Zakari, Malachi

## Nouvo Testaman.

Menm jan ak Ansyen Testaman an, nou kapab divize Nouvo Testaman an 5 pati :

- a- **4 liv Levanjil yo** :Matye, Mak, Lik, Jan.
- b- **Yon liv Istwa** : Travay.
- c- **13 Epit Pòl yo** : Ròm, 1 Korent, 2 Korent, Galasi, Efèz, Filip, Kolòs, 1 Tesalonik, 2 Tesalonik, 1 Timote, 2 Timote, Tit, Filemon.
- d- **8 Epit Jeneral yo** : Ebre, Jak, 1 Pyè, 2 Pyè, 1 Jan, 2 Jan, 3 Jan, Jid.
- e- **Yon liv Pwofesi** : Revelasyon.

## Kilès ki ekri Bib la?

Genyen plisyè otè ki te patisipe nan ekri 66 liv ki konpoze Bib la. Se pa Bondye ki te ekri avèk men li, men Bondye te enspire nan moun ke Li te chwazi pou yo te ekri sa ke Bondye te vle lèzòm konnen.

Genyen pasaj ki ekri kote ke otè a rapòte sa ke Bondye revele li paske li pat la lè evenman an tap pase; pa egzanp, nan **Jenèz 2: 4 a 5**, nou li:

*« Se konsa sa te pase lè Bondye t'ap kreye syèl la ak latè a. Lè Seyè a, Bondye a, t'ap fè latè ansanm ak tou sa ki nan syèl la, pa t' gen yon ti pyebwa sou tè a. Ankenn zèb pa t' ankò pouse nan jaden, paske Bondye pa t' voye lapli tonbe sou tè a. Lèfini, pa t' gen moun pou travay latè. »*

Genyen lòt pasaj kote ke Bondye pale ak yon moun pou pote yon mesaj bay lòt moun. Nan **Egzòd 3:15-17**, nou li:

*« Bondye di Moyiz ankò: -Men sa pou di moun pèp Izrayèl yo. Seyè a, Bondye zansèt nou yo, Bondye Abraram lan, Bondye Izarak la, Bondye Jakòb la, voye m' bò kote nou. Wi, se konsa mwen rele. Se konsa y'ap toujou rele m' sou latè de tit an tit. Ale non. Reyini tout chèf fanmi pèp Izrayèl la, di yo: Seyè a, Bondye zansèt nou yo, Bondye Abraram lan, Bondye Izarak la, Bondye Jakòb la, te parèt devan mwen. Li mande m' pou m' di nou pou li: Mwen vin vizite nou, mwen wè sa moun peyi Lejip yo ap fè nou pase. Se poutèt sa mwen di: M'ap fè nou soti kite peyi Lejip kote y'ap maltrete nou an. M'ap mennen nou nan peyi moun Kanaran yo, moun Et yo, moun Amori yo, moun Ferezi yo, moun Evi ak moun Jebis yo. Se yon peyi kote lèt ak siwo myèl koule tankou dlo. »*

Genyen pasaj tou kote se Bondye menm kap pale; moun nan ap ekri, men lè moun nan di: “Mwen”, se pa moun nan kap pale, se Bondye kap pale. Nan **Ezayi 48:12 a 14**, nou li:

« Nou menm fanmi Jakòb yo, Nou menm pèp Izrayèl mwen te chwazi a, koute m' byen. Se mwen menm ki te la anvan tout bagay, Se mwen menm k'ap la apre tout bagay kaba. Mwen p'ap janm chanje. Se mwen menm ak men mwen ki fè latè. Se ak fòs ponyèt mwen mwen louvri syèl la. Lè m' rele yo, yo tout kouri vin nan pye m'. Nou tout, sanble non pou nou koute m'! Kilès nan zidòl nou yo ki te fè konnen depi davans tout bagay sa yo? Moun mwen renmen an pral fè travay mwen vle l' fè a kont lavil Babilòn, kont ras moun Kalde yo. »

## Liv Ansyen Testaman yo.

- Dapre rechèch ki fèt, se Moyiz ki ekri senk premye liv Lalwa yo : **Jenèz, Egzòd, Levitik, Resansman, Deteronòm.**
- Pa genyen moun ki konnen egzakteman kilès ki ekri liv **Jozye, Jij, Rit, 1 Samyèl, 2 Samyèl, 1 Wa, 2 Wa, 1 Istwa, 2 Istwa**; yo panse ke se prèt jwif yo ki te ekri liv sa yo paske liv sa yo pale de istwa pèp jwif la.



MS 574  
Syriac estrangela book script. Mt. Sinai, Egypt, 9th c.

➤ Yo fè konnen ke se Esdras ki reskonsab pou 4 liv sa yo: **1 Istwa, 2 Istwa, Esdras ak Neemi.**

➤ Pa genyen moun ki konnen egzakteman kilès ki ekri liv **Estè** a.

➤ Pa genyen moun ki konnen egzakteman kilès ki ekri liv **Jòb** la, men yo panse ke liv sa a ki pi ansyen nan tout liv yo.

➤ Liv **Sòm** nan genyen anpil otè. David ekri yon bon vale nan Sòm yo (anviwon 73 ladan yo). Moyiz ekri Sòm 90; Salomon ekri Sòm 72 ak 127; Pitit Kora yo ekri Sòm 42 a 49, 84, 85, 87, 88; pitit Asaf yo ekri Sòm 50 epi 73 a 83; Etan ekri Sòm 89. Genyen kèk nan Sòm yo ke yo pa konnen kilès ki ekri yo. Genyen anviwon 50 a 51 Sòm ke yo pa konnen kilès ki otè yo.

- Se Wa Salomon ki otè liv **Pwovèb** la esepite 2 chapit ladan yo. Agou ekri chapit 30 lan epi Lemwèl ekri chapit 31 an.
- Daprè tradisyon, Wa Salomon ekri liv **Eklezyas ak Chante Salomon**.
- Liv pwofèt yo pote non pwofèt ki te ekri yo a ki se **Ezayi, Jeremi, Ezekyèl, Danyèl, Oze, Jowèl, Amòs, Abdias, Jonas, Miche, Nawoun, Abakouk, Sofoni, Aje, Zakari, Malachi**.
- Tradisyon fè konnen ke se Jeremi ki ekri liv **Plenn** lan.

## Liv Nouvo Testaman yo.

- Daprè tradisyon, **4 liv Levanjil** yo pote non moun ki te ekri yo a ; se **Matye, Mak, Lik, Jan**. Matye ak Jan te fè pati de 12 apòt yo ; Mak ak Lik pat yonn nan apòt yo.
- Daprè tradisyon, se Lik ki otè liv **Travay** la.
- Pòl se otè 13 liv ki se : **Ròm, 1 Korent, 2 Korent, Galasi, Efèz, Filip, Kolòs, 1 Tesalonik, 2 Tesalonik, 1 Timote, 2 Timote, Tit, Filemon**.
- Pou liv **Ebre** a, genyen moun ki panse ke se Pòl ki otè a, men pa genyen moun ki konnen tout bon si se Pòl ki ekri liv sa a.
- Jak se Otè liv **Jak** la.
- Pyè se otè 2 **epit Pyè** yo.
- Jid se otè liv **Jid** la.
- Jan se otè liv **Revelasyon** an ; daprè tradisyon, Jan ekri 3 **epit Jan** yo. Lè ou li levanjil Jan ak epit Jan yo, ou kapab wè ke se menm moun nan ekri liv sa yo.

## Diferans ant Ansyen ak Nouvo Testaman an.

Youn nan prensip de baz ki enpòtan pou ou konprann Bib la, se konprann diferans ki genyen ant ansyen ak nouvo testaman an.

Mo “testaman” an vle di kontra. Sa vle di ke genyen yon ansyen kontra ak yon nouvo kontra. Pa egzanp, si ou te genyen yon kontra ak yon chofè pou li pran ou Kafou Maròz pou mennen ou Riko pou 100 dola. Apre sa, ou fè yon lòt kontra « nouvo kontra » pou li mennen ou Brigue pou 150 dola. Sa vle di ke ansyen kontra a elimine, li pa gen valè ankò. Devwa chofè a se pou li pran ou Kafou Maròz pou mennen ou Brigue ; devwa pa ou se pou ou ba li 150 dola jan ke nouvo kontra a te pase a. Chak moun yo dwe ranpli devwa pa yo dapre kontra ki te pase a.

Se menm jan an tou, Bondye te pase yon kontra ak pèp Izrayèl ki se « Lalwa » ; se ansyen kontra a. Apre sa, genyen yon kontra ki pi bon ki vin pase ki se « Lagras » ; se nouvo kontra a. Ansyen kontra a vin pèdi valè aprè ke ou siyen nouvo kontra a. Nan **Ebre 9 :15**, nou li :

*« Se poutèt sa, Kris la se yon avoka ki tabli **yon nouvo kontra** ant Bondye ak lèzòm. Konsa, moun Bondye rele yo, yo ka resevwa eritaj ki la pou tout tan an, jan Bondye te pwomèt la. Tou sa, paske Kris la mouri. Avèk mouri li mouri a, li delivre tout moun anba chenn peche yo te fè sou **premye kontra a**. »*

Nan **Ebre 8, vèsè 7 a 13**, nou li :

*« Si **premye kontra a** pa t' gen defo, pa ta gen nesesite pou yo ta fè **yon lòt kontra** pou pran plas li. Men, Bondye te gen repwòch pou l' fè pèp li a. Se sak fè Bondye di: Gade, pa rete lontan ankò anvan pou m' fè yon lòt kontra avèk pèp Izrayèl la, avèk branch fanmi Jida a.*

*Bondye di ankò: **Se p'ap yon kontra tankou kontra mwen te fè avèk zansèt yo a**, lè m' te pran men yo pou m' te fè yo soti kite peyi Lejip la. Yo pa t' fè tou sa yo te dwe fè dapre kontra mwen te fè ak yo a. Se poutèt sa, mwen pa t' okipe yo tou.*

*Bondye di ankò: Men kontra mwen pral fè ak pèp Izrayèl la, apre jou sa yo fin pase. M'a mete lwa m' yo nan lespri yo, m'a make lwa m' yo nan kè yo. M'a tounen Bondye tout bon pou yo, y'a tounen yon pèp ki apa pou mwen. Pesonn p'ap bezwen moutre yon lòt moun anyen nan peyi a. Pesonn p'ap bezwen di yon lòt nan peyi a: Manyè chache konn Bondye. Paske, yo tout y'a konnen m', depi sa ki tou piti a jouk sa ki pi gran an. M'a padonnen sa yo fè ki mal, mwen p'ap chonje peche yo ankò.*

***Lè Bondye di li pral fè yon lòt kontra, li fè premye kontra a pase mòd. Tou sa ki pase mòd, tou sa ki fin vye prèt pou disparèt.** »*

An nou tounen sou menm egzanp ke nou te pran an !

- a- Eske chofè a kapab deside pou li depoze moun nan Riko epi pou moun nan ba li 150 dola ?
- b- Eske pasajè a kapab deside peye chofè a 100 dola apre chofè a fin depoze li nan Brigue ?

Repons lan se « NON » pou tou 2 kesyon yon. Pou premye kesyon an, nou kapab wè ke « Riko » fè pati de premye kontra epi « 150 dola » a fè pati de nouvo kontra a. Pou dezyèm kesyon an «100 dola » a fè pati de premye kontra epi « Brigue » fè pati de nouvo kontra a. Genyen yon meli melo ki fèt la a.

Lè ou fè yon melanj ant 2 kontra yo, vin genyen pwoblèm. Ou pa kapab kenbe yon pati nan ansyen kontra paske se tout kontra ki pa gen valè ankò. Se menm jan an tou, ou pa kapab melanje Ansyen ak Nouvo Testaman an. Ou pa kapab melanje Lalwa ak Gras la. Tou lè 2 pa kapab an aksyon ; se swa yonn osinon lòt la.


## Kilè ke nouvo kontra te vin disponib ?

Yon lòt enfòmasyon ki enpòtan pou konprann se lè ke nouvo kontra te vin disponib. Moun ki pa konprann pati sa a rive genyen pwoblèm pou yo konprann yon seri de bagay ke Jezi te di. Tankou nou te wè déjà, liv levanjil yo ki se Matye, Mak, Lik ak Jan fè pati de nouvo testaman an. Men, nouvo kontra a te vin disponib aprè lanmò Jezi. Lè Jezi te sou latè e li tap anseye disip yo, yo te toujou anba lalwa. Konsa, genyen nan ansèyman ke Jezi te bay yo ki pa aplike ak nou menm kap viv anba lagras.

Lè Jezi te fèt, li te fèt anba lalwa ; li te anseye anba lalwa ; li te viv tout viv li anba lalwa. Nan **Galasi 4 : 4 a 5**,nou li :

*« Men, lè lè a rive, Bondye te voye pwòp pitit li. Li soti nan vant yon fanm, **li viv anba lalwa jwif yo**, pou l' te ka delivre tout moun ki te anba lalwa pou n' te kapab vin pitit Bondye. »*

*« Mais, lorsque les temps ont été accomplis, Dieu a envoyé son Fils, né d'une femme, **né sous la loi**, afin qu'il rachetât ceux qui étaient sous la loi, afin que nous reçussions l'adoption. »*





Nan yon atik ke yon manm nan relijyon (Izlam) mizilman yo ekri, li fè konnen ke apòt Pòl se yon antikris ke li ye. Rezon ke li bay se paske genyen anpil bagay ke Pòl ekri ki pa mache ak sa ke Jezi te di. Pa egzanp, nan **Matye 5: 19-20**, Jezi di :

*« Se sa ki fè, moun ki va dezobeyi yonn nan pi piti nan kòmandman sa yo, epi ki va moutre lòt moun pou yo fè menm jan an tou, moun sa a va pase pou pi piti nan Peyi Wa ki nan syèl la. Konsa tou, moun ki obeyi kòmandman sa yo, k'ap moutre lòt moun jan pou yo fè l' tou, moun sa a va pase pou pi gran nan Peyi Wa ki nan syèl la. Paske m'ap di nou sa: **Si nou pa obeyi Lalwa Bondye a pi byen pase farizyen yo ak direktè lalwa yo, si nou pa viv pi byen pase yo, nou p'ap kapab antre nan Peyi Wa ki nan syèl la.** »*

Ankò, nan **Lik 18: 18 a 22**, nou li :

*« Yonn nan chèf jwif yo mande Jezi: **Bon Mèt, kisa pou m' fè pou m' resevwa lavi ki p'ap janm fini an?** Jezi di li: **Poukisa ou rele m' bon? Se yon sèl bon ki genyen, se Bondye. Ou konn kòmandman yo: **Piga ou fè adiltè, piga ou touye moun, piga ou vòlò, piga ou fè manti sou moun, respekte papa ou ak manman ou.** Nonm lan reponn: **Mwen swiv tout bagay sa yo depi m' te tikatkat. Lè Jezi tandè sa, li di l': **Ou manke yon bagay toujou: vann tou sa ou genyen, separe lajan an bay pòv. Apre sa, wa gen yon richès nan syèl la. Epi vin swiv mwen.**** »***

Men, Pòl pa di menm bagay ak Jezi sou kesyon sa a. Nan **Tit 3, vèsè 3 a 5**, Pòl ekri :

*« Paske, nou menm tou, nan tan lontan nou te tankou moun fou, nou pa t' obeyisan devan Bondye, nou te tankou moun ki pèdi chemen yo. Nou te esklav tout kalite move dezi ak move plezi. Nou t'ap viv ak mechanste, ak jalouzi nan kè nou. Moun te rayi nou, epi nou menm, nou te rayi yo tou. Men, lè Bondye fè nou wè jan li gen bon kè, jan li renmen tout moun, li te delivre nou. **Li pa t' delivre nou paske nou te fè kèk bagay ki bon, men paske li menm li te gen pitye pou nou. Li delivre nou lè li lave nou, li voye pouvwa Sentespri li nan nou pou chanje nou nèt, pou n' te ka viv yon lòt jan.** »*

Si nou gade byen, nou wè ke Pòl pa di menm bagay ke Jezi te di a. Jezi te anseye ke si yon moun pa obeyi lalwa pi byen ke farizyen yo, moun sa a pa kapab al viv ak Bondye. Mesye Farizyen yo, se te gadyen lalwa ke yo te ye ; non sèlman ke yo tap obeyi lalwa, men yo tap veye pou lòt moun pat dezobeyi lalwa. Konsa, lè moun yo te tandè sa ke Jezi te di a, yo te gen tan konnen ke yo genyen pwoblèm.

Pòl menm di ke se pa anyen ke nou fè ki fè ke Bondye te sove nou. Nan **Efèz 2: 6 a 9**, Pòl ekri :

*« Ansanm ak Kris la, Bondye fè nou leve soti nan lanmò, li fè nou chita jouk anwo nan syèl la ansanm ak li tou. Li fè tou sa pou moutre pou tout tan ki gen pou vini yo jan li renmen nou anpil anpil, jan li aji byen avèk nou nan Jezikri. **Se paske li renmen nou kifè li delivre nou, nou menm ki mete konfyans nou nan li. Sa pa soti nan nou menm menm, se yon kado Bondye ban nou. Non, nou pa fè anyen pou sa. Konsa, pesonn pa ka vante tèt yo.***

Pou moun ki pa konprann, yo wè ke Pòl te bay yon mesaj ki kontrè ak mesaj Jezi a. Men, te genyen yon rezon pou sa.

Lè Jezi tap anseye, li te anseye lalwa ak moun ki anba lalwa. Toutotan Jezi pat mouri, gras la pat kapab antre an aksyon

Lè nou kontinye li istwa nonm rich la nan **Matye 5** lan, **vèsè 23 a 25**, nou jwenn ke Jezi te di yon bagay. Nou li :

*« Lè sa a, Jezi di disip li yo: Sa m'ap di nou la a, se vre wi. **Sa ap difisil nèt pou yon nonm rich antre nan Peyi Wa ki nan syèl la. M'ap di nou sa ankò: L'ap pi fasil pou gwo bèt yo rele chamo a pase nan je yon zegwi pase pou yon nonm rich antre nan Peyi Wa ki nan syèl la. Lè disip yo tandè sa, yo pa t' manke sezi, yo di: Nan kondisyon sa a, ki moun ki ka sove?***

*Jezi gade yo, li di: **Moun pa ka fè sa, se vre. Men, pa gen anyen Bondye pa kapab fè.*** »

Kisa ou konprann nan repons ke Jezi bay la ?

---

---

---

---

---

---

---

Ankò, li enpòtan pou nou konprann ke anpil bagay ke Jezi te di pa genyen anyen pou wè avèk nou menm kap viv anba gras Bondye a. Legliz te pran nesans anba lagras ; legliz pat

janm anba lalwa paske Jezi te gen tan leve sòti vivan nan tonbo a lè legliz te fonde nan jou Pannkòt la.

## **Kijan nou kapab aplike konesans sa a lè nap etidye Pawòl Bondye a ?**

Nou bezwen konprann ke liv Levanjil yo ki se : Matye, Mak, Lik, Jan pale de bagay ki te pase anba lalwa. Konsa, genyen anpil ansèyman ki pa aplike ak moun kap viv anba lagras.

An nou gade kèk pasaj ki nan ansyen ak nouvo testaman an pou nou wè si legliz aplike pasaj sa yo.

Nan **Jenèz 17 :10-12**, nou li :

*« Men sa pou ou menm ansanm ak tout pitit ou yo pou nou dakò fè: se pou tout gason nan mitan nou sikonsi. Depi koulye a, se pou nou sikonsi tout gason. Se pou sa sèvi yon siy pou moutre gen yon kontra ki pase ant nou menm avè m'. Se pou nou sikonsi tout gason wit jou apre yo fèt, li te mèt pitit moun lakay la, osinon pitit moun lòt nasyon ou pran pou travay lakay ou. »*

Nan **Lik 2: 21-24**, nou li :

*« Wit jou apre, se te dat pou yo te sikonsi pitit la. Yo rele l' Jezi dapre non zanj lan te bay anvan menm manman l' te vin ansent li. Apre sa, jou a te rive pou Jozèf ak Mari te al fè sèvis pou yo ka mete Mari nan kondisyon fè sèvis Bondye dapre lalwa Moyiz. Lè sa a, yo pote tipitit la lavil Jerizalèm pou mete l' apa pou Bondye, dapre sa ki te ekri nan lalwa Bondye a: Mete tout premye pitit gason yo apa pou Mèt la. Yo te ofri tou yon pè toutrèl osinon de jenn pijon pou yo touye pou Bondye, jan yo bay lòd fè sa nan lalwa Bondye a. »*

An nou gade sa Pòl ekri nan **1 Korent 7:19** :

*« Kit ou sikonsi, kit ou pa sikonsi, sa pa konsekan ankò. Sa ki konsekan an se obeyi pou nou obeyi kòmandman Bondye yo. »*

Kòman ou kapab esplike diferans ki genyen nan 3 pasaj sa yo ?

---

---

---

---

An nou pran yon lòt egzanp. Lè Jezi fin montre disip yo jan pou yo priye, nan **Matye 6: 14-15**, Jezi di :

*« Si nou padonnen moun lè yo fè nou mal, Papa nou ki nan syèl la va padonnen nou tou. Men, si nou pa padonnen moun lè yo fè nou mal, Papa nou p'ap padonnen peche nou yo non plis. »*

Kisa ou konprann nan sa ke Jezi di la a ?

---

---

---

An nou konpare li ak sa ke Pòl di nan **Efèz 4: 32** ki li :

*« Se pou nou aji byen yonn ak lòt, se pou nou gen bon kè yonn pou lòt, pou nou yonn padonnen lòt, menm jan **Bondye te padonnen nou** nan Kris la. »*

Nou kapab wè ke genyen yon diferans ant 2 pasaj sa yo. Jezi anseye ke genyen yon kondisyon pou ou jwenn padon nan men Bondye ; fòk ou padone pou ou kapab jwenn padon. Pòl menm anseye ke Bondye déjâ padone ou, konsa ou bezwen padone lòt moun menm jan an tou.

Eske Pòl kont Jezi ?

Non ! se senpleman Jezi tap anseye moun yo ki te anba lalwa ; Pòl menm ap anseye moun anba lagras.

An nou gade pasaj sa a pou nou wè kisa kijan nou kapab aplike li. Nan **Matye 18, vèsè 21 a 35**, nou li :

*« Lè sa a, Pyè pwoche bò kot Jezi, li di l' konsa: Mèt, konbe fwa pou m' padonnen frè m' lè li fè m' yon bagay mal? Sèt fwa konsa? Jezi reponn li: Non, Pyè. Mwen pa di ou padonnen l' sèt fwa, men padonnen l' swasanndis fwa sèt fwa. Men ki jan sa ap pase nan Peyi Wa ki nan syèl la: Se tankou yon wa ki te vle fè regleman ak domestik li yo. Li te fèk kòmanse fè regleman an lè yo mennen yonn ba li ki te dwe l' senkantmil (50.000) goud. Men, nonm lan pa t' gen dekwa peye tout lajan sa a. Mèt la bay lòd pou yo vann li tankou esklav, li menm, madanm li, pitit li yo ansanm ak tou sa l' te genyen, pou peye dèt la. Domestik la tonbe ajenou devan mèt la, li di li: Mèt, tanpri souple, pran yon ti pasyans pou mwen, m'a peye ou tout lajan an. Kè mèt domestik la fè l' mal, li kite lajan an la pou li, li kite l' ale.*

*Lè domestik la soti, li kontre ak yon kanmarad ki te dwe l' san (100) goud. Li kenbe l', li pran trangle l', li di li: Peye m' sa ou dwe m' lan. Kanmarad la lage kò l' atè, li di lòt la: Tanpri, pran yon ti pasyans pou mwen, m'a peye ou. Men, lòt la pa tandè. Li fè mete kanmarad la nan prizon, pou jouk lè li fin peye sa li dwe a. Lè lòt domestik yo wè sak te rive, sa te fè yo mal anpil. Y al rakonte mèt la sak te pase. Lè sa a, mèt la fè rele domestik la. Li di l' konsa: Gade jan ou mechan! Mwen kite tout lajan sa a pou ou paske ou te mande m' fè sa pou ou. Ou te dwe gen pitye pou kanmarad ou a menm jan mwen te gen pitye pou ou a.*

*Mèt la fè gwo kòlè, li fè mete msye nan prizon pou yo bat li jouk lè li fin peye tou sa l' te dwe a. **Se konsa Papa m' ki anwo nan syèl la va ajì ak nou, si nou pa padonnen frè nou yo ak tout kè nou.** »*

Nan ansèyman Jezi yo, Li montre Jwif yo ke yo pat kapab fè sa lalwa a mande a vre. Nan **Matye 5: 19 a 30**, Jezi di :

*« Se sa ki fè, moun ki va dezobeyi yonn nan pi piti nan kòmandman sa yo, epi ki va moutre lòt moun pou yo fè menm jan an tou, moun sa a va pase pou pi piti nan Peyi Wa ki nan syèl la. Konsa tou, moun ki obeyi kòmandman sa yo, k'ap moutre lòt moun jan pou yo fè l' tou, moun sa a va pase pou pi gran nan Peyi Wa ki nan syèl la. Paske m'ap di nou sa: **Si nou pa obeyi Lalwa Bondye a pi byen pase farizyen yo ak direktè lalwa yo, si nou pa viv pi byen pase yo, nou p'ap kapab antre nan Peyi Wa ki nan syèl la.***

*Nou tandè ki jan nan tan lontan yo te di zansèt nou yo: **Piga ou janm touye moun. Moun ki touye moun, se pou yo jije yo.** Men, mwen menm, men sa m'ap di nou: **Nenpòt moun ki ankòlè sou frè l', se pou yo jije li. Moun ki joure frè l' enbesil, se pou yo jije l' devan Gran Konsèy la. Si yon moun di frè l' moun fou, li bon pou yo jete l' nan dife lanfè a.***

*Konsa, si lè w'ap mete ofrann ou sou lotèl la bay Bondye, epi antan ou la devan lotèl la, ou chonje frè ou gen kichòy kont ou, men sa pou ou fè: Kite ofrann lan la devan lotèl la, ale byen ak frè ou la anvan. Apre sa, wa tounen vin bay Bondye ofrann ou an.*

*Si yon moun pote plent pou ou nan tribinal, prese mete ou dakò avè l' antan nou prale ansanm nan tribinal la, pou li pa lage ou nan men jij la, pou jij la pa lage ou nan men lapolis, pou yo pa mete ou nan prizon. Sa m'ap di ou la, se vre wi: ou p'ap soti nan prizon an toutotan ou pa peye dènye lajan yo mande ou la.*

*Nou tande ki jan nan tan lontan yo te di: **Piga ou janm fè adiltè.** Mwen menm, men sa m'ap di nou: **Si yon nonm gade yon fi avèk lanvi, li deja fè adiltè avè l' nan kè l'.** Si se grenn je dwat ou ki pou ta fè ou tonbe nan peche, rache l' voye jete byen lwen ou. Pito ou pèdi yon sèl manm nan kò ou, pase pou yo voye tout kò ou nèt jete nan lanfè. Si se men dwat ou ki pou ta fè ou tonbe nan peche, koupe l' voye jete byen lwen ou. Pito ou pèdi yon sèl nan manm ou yo, pase pou tout kò a nèt al nan lanfè. »*

Jezi te pouse fò sou lalwa pou nou te kapab konprann ke nou bezwen gras Bondye a. An nou gade **Matye 5, vèsè 17 a 18** la ki li :

*« Pa mete nan tèt nou mwen vin aboli lalwa Moyiz la ak sa pwofèt yo te moutre nou. Mwen pa vin pou aboli yo, mwen vin moutre sa yo vle di tout bon. Sa m'ap di nou la a, se vre wi: tout tan syèl la ak tè a va la, pa yon ti detay, ni yon sèl ti bout lèt nan lalwa a p'ap disparèt, jouk tout bagay ki pou rive yo rive. »*

Nan lang Fransè a, nou li :

*« Ne croyez pas que je sois venu pour abolir la loi ou les prophètes; je suis venu non pour abolir, **mais pour accomplir.** Car, je vous le dis en vérité, tant que le ciel et la terre ne passeront point, il ne disparaîtra pas de la loi un seul iota ou un seul trait de lettre, **jusqu'à ce que tout soit arrivé.** »*

Jezi pat aboli lalwa men Li te akonpli lalwa e genyen yon gran diferans ant 2 mo sa yo.

## **Diferans ant « Abolir » ak « Accomplir »**

Abolir : annuler, supprimer

Accomplir : realiser, achever, executer un projet

Nou kapab wè ke mo sa yo pa vle di menm bagay ditou. An nou gade 2 pasaj pou nou kapab wè diferans lan.

## **Abolir**

*« Premye bagay li di se: Ou pa bezwen yo fè okenn ofrann bèt pou yo touye pou ou, ni pou yo fè ou kado anyen, ni ofrann vyann bèt yo boule sou lotèl la, ni ofrann bèt yo touye pou wete peche yo: bagay sa yo pa fè ou plezi. Men, tout ofrann bèt sa yo, se yo lalwa Moyiz la mande. Apre sa, li di: Men mwen, Bondye. Mwen vin*

*pou fè volonte ou. Konsa, **Bondye aboli tout ansyen ofrann bèt yo, li ranplase yo ak ofrann Kris la menm.** Kifè nou netwaye anba peche nou yo, se paske Jezikri te fè tou sa Bondye te vle, li ofri kò pa li bay Bondye yon sèl fwa, epi l' fini. » (Ebre 10 :8-10)*

*« Après avoir dit d'abord: Tu n'as voulu et tu n'as agréé ni sacrifices ni offrandes, Ni holocaustes ni sacrifices pour le péché (ce qu'on offre selon la loi), il dit ensuite: Voici, je viens Pour faire ta volonté. **Il abolit ainsi la première chose pour établir la seconde.** C'est en vertu de cette volonté que nous sommes sanctifiés, par l'offrande du corps de Jésus Christ, une fois pour toutes. » (Heb 10 :8-10)*

## **Accomplir**

*« Jezi te konnen lè sa a tout bagay ki pou te fèt te fin fèt. **Pou fè sa ki te ekri nan Liv la rive vre,** li di: Mwen swaf. Te gen yon veso plen venèg bò la. Sòlda yo tranpe yon eponj nan venèg la, yo mare l' nan pwent yon branch bwa yo rele izòp, yo pwoche l', yo mete l' bò bouch Jezi. Lè Jezi fin pran venèg la, li di: **Tou sa ki pou te rive rive!** Apre sa, li bese tèt li, li mouri. » (Jan 19 :28-30)*

*« Après cela, Jésus, qui savait que tout était déjà consommé, dit, afin que l'Écriture fût **accomplie:** J'ai soif. Il y avait là un vase plein de vinaigre. Les soldats en remplirent une éponge, et, l'ayant fixée à une branche d'hysope, ils l'approchèrent de sa bouche. Quand Jésus eut pris le vinaigre, il dit: **Tout est accompli.** Et, baissant la tête, il rendit l'esprit. » (Jean 19 :28-30)*

Jezi tap refere ak pwofesi ki te fè nan **Sòm 69 :21(22)** ki li

*« Yo mete pwazon nan manje mwen. Lè m' mande dlo pou m' bwè, se vinèg yo ban mwen. »*

*« Ils mettent du fiel dans ma nourriture, Et, pour apaiser ma soif, ils m'abreuvent de vinaigre. »*

Jezi pat aboli lalwa men li te akonpli lalwa a sou kwa a. Gras la vin antre an aplikasyon aprè lakwa.

Nan **Galasi 3 :23-26**, nou li :

*« Anvan lè a te rive pou n' te ka gen konfyans, lalwa te kenbe nou prizonye anba men l', jouk tan pou Bondye te devwale kalite konfyans sa a. **Konsa, lalwa te tankou yon moun ki la pou veye nou, jouk lè Kris la te gen pou vini pou n' te ka kwè nan li pou Bondye te fè nou gras. Men koulye a, lè a rive pou nou gen konfyans nan Kris la; nou pa anba men moun ki t'ap veye nou an ankò. Se paske nou gen konfyans nan Jezikri kifè nou se pitit Bondye. »***



## Bondye se youn osinon twa?

Se yon kesyon ke anpil kretyen pa genyen repons pou li. Bib la anseye ke genyen yon sèl Bondye.

Nan **Deteronòm 6:4**, nou li:

« *Koute byen, nou menm pep Izrayèl! Seyè a, Bondye nou an, se li ki sèl mèt.* »

« *Écoute, Israël! l'Éternel, notre Dieu, est le seul Éternel.* »

Nan **1 Korent 8:4**, nou li:

« *Bon, men keksyon an: èske nou ka manje vyann bèt yo ofri bay zidòl? Nou konnen byen pwòp zidòl yo pa reprezante anyen ki vre sou latè. Se yon sèl Bondye a ki genyen.* »

« *Pour ce qui est donc de manger des viandes sacrifiées aux idoles, nous savons qu'il n'y a point d'idole dans le monde, et qu'il n'y a qu'un seul Dieu.* »

Nan **1 Timote 2:5**, nou li:

« *Se yon sèl Bondye a ki genyen. Se yon sèl moun tou ki mete lèzòm dakò ak Bondye ankò, se Jezi, Kris la.* »

« *Car il y a un seul Dieu, et aussi un seul médiateur entre Dieu et les hommes, Jésus Christ homme* »

Nou wè ke se yon sèl Bondye ki genyen dapre vèsè sa yo. Nou pa wè plizyè Bondye nan pasaj sa yo. Men, bagay yo pa senp konsa lè nou konsidere kèk lòt vèsè.

Nan **Jenèz 1:26 a 27**, nou li:

« *Bondye di ankò. Ann fè moun. N'ap fè l' pòtre ak nou, pou li sanble ak nou. La gen pouvwa sou pwason ki nan lanmè yo, sou zwazo ki nan syèl la, sou tout bèt yo gade, sou tout latè, sou tout bèt nan bwa, sou tout bèt ki trennen sou vant sou tè a. Bondye kreye moun. Li fè l' pòtre ak li. Li kreye yo gason ak fi.* »

« *Puis Dieu dit: Faisons l'homme à notre image, selon notre ressemblance, et qu'il domine sur les poissons de la mer, sur les oiseaux du ciel, sur le bétail, sur toute la terre, et sur tous les reptiles qui rampent sur la terre. Dieu créa l'homme à son image, il le créa à l'image de Dieu, il créa l'homme et la femme.* »

Nan **Jenèz 11: 5 a 7**, nou li:

*« Seyè a desann pou l' wè lavil la ansanm ak gwo kay won moun yo t'ap bati a. Epi li di. Koulye a, gade! Yo tout fè yon sèl pèp. Yo tout yo pale yon sèl lang. Gade sa yo konmanse ap fè. Talè konsa y'ap pare pou yo fè sa yo vle. Bon. N'ap desann, n'ap mele lang yo. Konsa, yonn p'ap ka konprann sa lòt ap di. »*

Nan de pasaj sa yo, nou wè pliryèl la a.

Genyen yon esplikasyon ke yon prèt katolik women te bay pou esplike mistè sa a ki te vin kreye plis konfizyon. Nan ane 300 yo, prèt la ki te rele Sabelius te fè konnen ke Bondye se yon sèl pèsòn ki prezante Li nan diferan wòl. Sa vle di Bondye se yon sèl pèsòn ki parèt kòm papa a, pitit la e sentespri ya a travè listwa.

Pwoblèm ki genyen ak doktrin sa a, se vèsè ki montre nou relasyon osinon konvèsasyon ant twa pèsòn sa yo.

Nan **Matye 3: 16 a 17**, nou li:

*« Fini Jan fin batize l', Jezi soti nan dlo a. Menm lè a, syèl la louvri, Jezi wè **Lespri Bondye** a desann sou fòm yon ti pijon vin sou li. Lè sa a, **yon vwa soti nan syèl la**, li di: **Sa se pitit mwen renmen anpil la.** Li fè kè m' kontan anpil. »*

Nan pasaj sa a, nou wè toulètwa pèsòn yo:

- 1- Jezi kap sòti nan dlo a.
- 2- Sentespri kap desann sou fòm yon ti pijon.
- 3- Vwa Papa a kap sòti nan syèl la.

Anpil fwa ke nou li ke Jezi ap lapriyè ak Papa a. Men, si se li menm ki Papa a, ak kilès ke priyè sa yo adrese?

Nan **Matye 26:39**, nou li:

*« Li al yon ti kras pi lwen, li lage kò l' fas atè, li lapriyè konsa: **O Papa mwen.** Si sa te ka fèt, wete gode soufrans sa a devan je mwen. Men, se sa ou vle a ki pou fèt, pa sa mwen vle a. »*

Nan **Mak 15: 33 a 34**, nou li:

*« Vè midi konsa, vin gen yon fènwa sou tout peyi a, jouk twazè nan apremidi. Vè twazè, Jezi rele byen fò: -Eloyi, Eloyi, lema sabaktani? (ki vle di: Bondye, Bondye, poukisa ou lage m' konsa?) »*

Nan 2 pasaj sa yo, nou wè ke Jezi tap pale ak Papa a. Konsa, teyori ke Sabelius te bay la pa fè sans ditou.

Si nou ta konsidere yon lòt pasaj ke nou jwenn nan **Matye 24, vèsè 36** ki di:

*« Men, pesonn pa konnen ni ki jou, ni ki lè sa va rive, pa menm zanj yo ki nan syèl la, pa menm Pitit la. Sèl Papa a konn sa. »*

Nou wè vèsè ki montre nou ke :

- a- Se yon sèl Bondye ki genyen.
- b- Jezi ap pale ak Bondye nan syèl la.
- c- Se pa Jezi ki Papa a.

### **Eske Jezi se Bondye Li ye ?**

Youn nan diferans ki genyen ant Temwen Jerova yo ak Kreyen yo se kwayans yo de Jezi. Temwen Jerova yo di ke Jezi pa Bondye, li se yon ti dye (Mwen pa fin vrèman konprann sa ke yo vle di a). Kreyen yo kwè ke Jezi se Bondye. Kilès nan kwayans sa yo ki biblik?

Nan **Jan 8 :56 a 59**, nou li

*« Abraram papa nou te kontan, paske li te anvi wè jou m' lan rive. Li wè li. Sa te fè kè l' kontan nèt. Jwif yo di li: Ou poko gen senkant, epi w'ap di ou te wè Abraram? Jezi reponn yo: Sa m'ap di nou la a, se vre wi: **Abraram pa t' ankò fèt, mwen menm, mwen te la deja.** Lè sa a, yo ranmase wòch pou kalonnen li. Men, Jezi kache kò l' yon kote epi li soti nan tanp lan. »*

*« Abraham, votre père, a tressailli de joie de ce qu'il verrait mon jour: il l'a vu, et il s'est réjoui. Les Juifs lui dirent: Tu n'as pas encore cinquante ans, et tu as vu Abraham! Jésus leur dit: En vérité, en vérité, je vous le dis, **avant qu'Abraham fût, je suis.** Là-dessus, ils prirent des pierres pour les jeter contre lui; mais Jésus se cacha, et il sortit du temple. »*

Si nou ta gade nan vèsyon lang fransè a, nap wè kòm si genyen yon fot gramè lè ke Jezi di : « **Avant qu'Abraham fût, je suis** ». Règ lang fransè ta mande pou « Je suis » a ta nan tan pase. Men, se pa san rezon ki fè ke Jezi te repete fraz sa a. Nou kapab wè ke mesye yo te ranmase wòch pou yo te kalonnen Jezi.

Rezon ki fè mesye yo te vle touye Jezi a, se paske yo te konprann byen mesaj ke Jezi te fè pase a. Nan **Egzòd 3 : 13 a 14**, nou li :

*« Moyiz di Bondye konsa: -Bon. Koulye a, mwen pral bò kote pèp Izrayèl la, mwen pral di yo: Bondye zansèt nou yo voye m' kote nou. Ou mèt sèten yo pral mande m': Ki jan li rele? Lè sa a, kisa pou m' reponn yo? Bondye di Moyiz: -**Sa m' ye a***

*se sa m' ye. Apre sa li di ankò: -W'a pale ak moun pèp Izrayèl yo, w'a di yo konsa: **Mwen menm ki rele sa m' ye a, se mwen menm ki voye ou bò kote yo.** »*

*« Moïse dit à Dieu: J'irai donc vers les enfants d'Israël, et je leur dirai: Le Dieu de vos pères m'envoie vers vous. Mais, s'ils me demandent quel est son nom, que leur répondrai-je? Dieu dit à Moïse: **Je suis celui qui suis.** Et il ajouta: C'est ainsi que tu répondras aux enfants d'Israël: Celui qui s'appelle **'je suis'** m'a envoyé vers vous. »*

Jezi te fè yo konnen ke Li se Bondye. Se pat premye fwa ke Jezi te pase mesaj sa a bay mesye yo. Nan **Jan 5:17 a 19**, nou li :

*« Men, Jezi reponn yo: Se tout tan Papa m' ap travay. Mwen menm tou, m'ap travay. Poutèt pawòl sa a, jwif yo t'ap chache pi rès atò pou yo te touye l'. **Li pa t' sèlman fè bagay ki kont lalwa repo a, men li te di yo Bondye se papa li. Lè l' di sa, li te fè tèt li pase pou menm moun ak Bondye.** Lè sa a, Jezi reponn yo: Sa m'ap di nou la a, se vre wi: Pitit Bondye a pa fè anyen pou kò li. Sa l' wè Papa a fè, se sa l' fè tou. Tou sa Papa a ap fè, Pitit la fè l' tou. »*

*« Mais Jésus leur répondit: Mon Père agit jusqu'à présent; moi aussi, j'agis. A cause de cela, les Juifs cherchaient encore plus à le faire mourir, **non seulement parce qu'il violait le sabbat, mais parce qu'il appelait Dieu son propre Père, se faisant lui-même égal à Dieu.** Jésus reprit donc la parole, et leur dit: En vérité, en vérité, je vous le dis, le Fils ne peut rien faire de lui-même, il ne fait que ce qu'il voit faire au Père; et tout ce que le Père fait, le Fils aussi le fait pareillement. »*

Anpil pasaj nan Bib la montre nou ke Jezi se Bondye nan ministè li, mirak yo, lanmò ak leve sòti nan lanmò li...etc.

Nan **Mak 2 :5 a 7**, nou li :

*« Jezi wè jan yo te gen konfyans nan li, li di nonm paralize a: -Pitit mwen, **peche ou yo padonnen.** Te gen kèk dirèktè lalwa chita la; yo t'ap di nan kè yo: Pouki nonm sa a pale mal sou Bondye konsa? **Ki moun sou latè ki kapab padonnen peche? Sa se travay Bondye sèlman.** »*

Se Bondye sèlman ki kapab padonnen peche. Bondye mande nou pou nou padonnen moun pou sa ke yo fè nou ; pa genyen okenn moun ki kapab padonnen peche yon lòt moun.

Nan **Sòm 110, vèsè premye**, David ekri:

« *Parole de l'Éternel à mon Seigneur: Assieds-toi à ma droite, Jusqu'à ce que je fasse de tes ennemis ton marchepied.* »

« *Seyè a pale ak wa a, chèf mwen an, li di: -Chita la sou bò dwat mwen, jouk tan mwen fè lènmi ou yo tounen yon ti ban pou lonje pye ou.* »

Nan **Mak 12 : 35 a 37**, Jezi te yon kòmantè sou pasaj sa a ki li :

« *Jésus, continuant à enseigner dans le temple, dit: Comment les scribes disent-ils que le Christ est fils de David? David lui-même, animé par l'Esprit Saint, a dit: **Le Seigneur a dit à mon Seigneur: Assieds-toi à ma droite, Jusqu'à ce que je fasse de tes ennemis ton marchepied. David lui-même l'appelle Seigneur; comment donc est-il son fils?** Et une grande foule l'écoutait avec plaisir.* »

« *Pandan Jezi t'ap moutre moun yo anpil bagay nan tanp lan, li di yo: -Ki jan dirèktè lalwa yo fè di Kris la se pitit pitit David li ye? Poutan, men sa David te di (se Sentespri menm ki te fè l' di l'): **Bondye te di Seyè mwen an: Chita la sou bò dwat mwen, jouk tan mwen fè lènmi ou yo tounen yon ti ban pou lonje pye ou. Si David rele Kris la Seyè, ki jan pou Kris la ta ka pitit pitit David?** Yon pakèt moun t'ap koute Jezi avèk plezi.* »

Youn nan pasaj mwen jwenn ki enteresan anpil nan liv **Ezayi a se chapit 40, vèsè 11 a 17** ki li:

« *Se poutèt mwen, poutèt mwen menm ase, mwen fè sa m' fè a. Eske m' ka kite yo derespekte non mwen? Mwen p'ap kite yon lòt resevwa lwanj ki pou mwen an! Nou menm fanmi Jakòb yo, Nou menm pèp Izrayèl mwen te chwazi a, koute m' byen. Se mwen menm ki te la anvan tout bagay, Se mwen menm k'ap la apre tout bagay kaba. Mwen p'ap janm chanje.*

***Se mwen menm ak men mwen ki fè latè. Se ak fòs ponyèt mwen mwen louvri syèl la. Lè m' rele yo, yo tout kouri vin nan pye m'. Nou tout, sanble non pou nou koute m'! Kilès nan zidòl nou yo ki te fè konnen depi davans tout bagay sa yo? Moun mwen renmen an pral fè travay mwen vle l' fè a kont lavil Babilòn, kont ras moun Kalde yo. Se mwen menm ki te pale, se mwen menm ki te rele l'. Se mwen menm ki fè l' vini. M'ap fè l' reyisi nan travay l'ap fè a.***

*Pwoche kote m' non, koute sa m'ap di: Depi nan konmansman mwen pa kache nou anyen. Depi lè bagay la t'ap rive, mwen te la. **Koulye a, Seyè a ban mwen lespri l', li voye m'!** Bondye pèp Izrayèl la ki yon Bondye apa, Seyè k'ap delivre yo a, men sa li di: -Se mwen menm ki Seyè a, Bondye nou an. Se mwen menm k'ap*

*moutre nou sa ki pou byen nou. Se mwen menm k'ap mennen nou nan chemen pou nou swiv la. »*

Nan vèsyon fransè a, nou li :

*« C'est pour l'amour de moi, pour l'amour de moi, que je veux agir; Car comment mon nom serait-il profané? Je ne donnerai pas ma gloire à un autre. Écoute-moi, Jacob! Et toi, Israël, que j'ai appelé! C'est moi, moi qui suis le premier, C'est aussi moi qui suis le dernier.*

***Ma main a fondé la terre, Et ma droite a étendu les cieux: Je les appelle, et aussitôt ils se présentent. Vous tous, assemblez-vous, et écoutez! Qui d'entre eux a annoncé ces choses? Celui que l'Éternel aime exécutera sa volonté contre Babylone, Et son bras s'appesantira sur les Chaldéens. Moi, moi, j'ai parlé, et je l'ai appelé; Je l'ai fait venir, et son oeuvre réussira.***

*Approchez-vous de moi, et écoutez! Dès le commencement, je n'ai point parlé en cachette, Dès l'origine de ces choses, j'ai été là. **Et maintenant, le Seigneur, l'Éternel, m'a envoyé avec son esprit.** Ainsi parle l'Éternel, ton rédempteur, le Saint d'Israël: Moi, l'Éternel, ton Dieu, je t'instruis pour ton bien, Je te conduis dans la voie que tu dois suivre. »*

Dapre ou, se kilès kap pale la a ? Se papa a osinon Pitit la ?

---

---

---

## **Sentespri se Bondye !**

Genyen yon seri fo doktrin ki anseye ke Sentespri se sèlman yon fòs ki sòti nan Bondye e se pa Bondye ke li ye. Men lè nou gade nan Bib la, nou wè ke Sentespri se Bondye.

Nan **Travay 5: 3 a 4**, nou li :

*« Lè sa a, Pyè di li: Ananyas, ki jan ou fè kite Satan antre nan kè ou pou l' fè **ou bay Sentespri manti**, pou l' fè ou kenbe enpe nan lajan tè a pou ou? Anvan ou te vann tè a, se pa pou ou li te ye? Apre ou te fin vann li, tout lajan an te pou ou, pa vre? Ki jan ou fè mete nan tèt ou pou fè yon bagay konsa? **Se pa moun ou bay manti non. Se Bondye ou twonpe.** »*

Si nou ta chache, nap jwenn ke Bib la itilize Sentespri ak Bondye pou menm bagay la. An nou konpare 2 pasaj sa yo. Nan **1 Korent 3:16**, nou li :

*« Ne savez-vous pas que vous êtes le temple de Dieu, et que l'Esprit de Dieu habite en vous? »*

*« Eske nou pa konnen se tanp Bondye a nou ye, se Lespri Bondye a ki rete nan kè nou? »*

Nan **1 Korent 6:19**, nou li :

*« Ne savez-vous pas que votre corps est le temple du Saint Esprit qui est en vous, que vous avez reçu de Dieu, et que vous ne vous appartenez point à vous-mêmes? »*

*« Se konnen nou pa konnen kò nou se tanp Sentespri k'ap viv nan kè nou, Sentespri Bondye te ban nou an? Nou pa mèt tèt nou ankò. »*

Jiska prezan, kesyon an poko reponn. Bondye se you osinon twa?

Genyen yon seri de bagay nan lavi a ke nou pa konprann, men nou wè ke yo fèt san ke nou pa konprann yo. Lè ke yon kiltivatè latè lage kèk grenn mayi anba tè epi yon pye mayi grandi epi li ba li yon zepi mayi. Kouman sa fè fèt menm?

Lè ke yon gason kouche ak yon fi epi jèm gason an kontre ak ze ki nan fi a. Yo fè yon sèl epi apre 9 mwa, yon timoun pran nesans, kouman ou esplike bagay sa a?

Enben, bagay sa yo pi fasil pou konprann ke pou ou ta rive konprann nati Bondye vre. Nou pa genyen konesans, ni sèvo, ni pawòl pou nou ta esplike bagay sa a. Men, nou kapab ale sou sa ke Bib la revele nou.

## **Elohim**

Men sa ke nou jwenn nan Bib la. Nan premye vèsè nan Bib la, nou li :

*« Nan konmansman, **Bondye** kreye syèl la ak latè a. » (Jenèz 1 :1)*

Nan lang orijinal ke pasaj sa a te ekri a, non ki itilize pou « Bondye » a, se « Elohim ».

**« El » vle di « Bondye ».**

Pa egzanp lè nou li : « El Shaddai », sa vle di « Dieu tout puissant » osinon « Bondye ki gen tout pouvwa a » . Lè bondye tap pale ak Abraram nan **Jenèz 17: 1**, se non sa a ke Bondye te ba li.

**« Elohim » se pliryèl « El »**

Yon bagay ki enpòtan anpil pou nou konprann, sè ke vèb ki swiv li a « kreye » rete singilye.

Eske se yonn osinon plis ke yonn ki te fè travay kreyasyon an ? Nan liv levanjil ke Jan ekri, li te entwodwi Jezi kòm « Pawòl la » e nan **Jan 1: 1 a 3**, nou li :

*« Anvan Bondye te kreye anyen, Pawòl la te la. Pawòl la te avèk Bondye. Sa Bondye te ye, se sa Pawòl la te ye tou. Pawòl la te la avèk Bondye depi nan konmansman. Se ak Pawòl la Bondye fè tout bagay. Nan tou sa ki te fèt, pa t' gen anyen ki te fèt san Pawòl la. »*

*« Au commencement était la Parole, et la Parole était avec Dieu, et la Parole était Dieu. Elle était au commencement avec Dieu. Toutes choses ont été faites par elle, et rien de ce qui a été fait n'a été fait sans elle. »*

Pasaj sa a montre nou ke :

- 1- Jezi te ak Bondye nan kòmansman an.
- 2- Jezi te Bondye.
- 3- Jezi te kreye tout bagay.

Men, nan menm premye chapit la, nan vèsè 26 a 27, nou li :

*« Bondye di ankò. Ann fè moun. N'ap fè l' pòtre ak nou, pou li sanble ak nou. La gen pouvwa sou pwason ki nan lanmè yo, sou zwazo ki nan syèl la, sou tout bèt yo gade, sou tout latè, sou tout bèt nan bwa, sou tout bèt ki trennen sou vant sou tè a. Bondye kreye moun. Li fè l' pòtre ak li. Li kreye yo gason ak fi. »*

Nou jwenn ni plirièl, ni singilye nan pasaj sa a.

Aprè Adan te fin dezobeyi Bondye epi je li te vin louvri, nan *Jenèz 3 :22*, nou li :

*« Aprè sa, Seyè a, Bondye a, di. Koulye a, Adan vin konnen sa ki byen ak sa ki mal tankou yonn nan nou. Nou p'ap kite l' lonje men l' keyi fwi pyebwa ki bay lavi a pou l' manje l', pou l' pa viv pou tout tan. »*

Pou nou rive konprann pi plis sou sijè sa a, nou bezwen fè yon kout je sou lang orijinal ke ansyen testaman an te ekri ki se Ebre. Nan lang Ebre a, genyen 3 mo ki enpòtan pou nou konprann sa yo vle di.

- 1- Yachid
- 2- Bad
- 3- Echad



## Yachid

Yachid vle di youn (yon sèl) nan sans nimerik.

Egzanp

« Bondye di l': -Pran Izarak, pitit ou a, **sèl** pitit gason ou genyen an, pitit ou renmen anpil la. » (**Jenèz: 22:2a**)

« Lè Jefte tounen lakay li lavil Mispa, vwala se pitit fi li a ki te soti vin kontre l'. Li t'ap danse, li t'ap jwe tanbouren. Se te **sèl** pitit li te genyen. Li pa t' gen lòt pitit ankò, ni fi ni gason. » (**Jij 11 :34**)

« Lè mwen te timoun piti lakay papa m', lè sa a mwen te **sèl** pitit manman mwen. » (**Pwovèb 4 :3**)

« Y'a nan gwo lapenn pou li tankou moun ki pèdi **sèl** pitit li te genyen an. Y'a pete rele tankou moun ki pèdi premye pitit gason yo. » (**Zakari 12 :10**)

## Bad

Bad vle di youn (yon sèl) nan sans nimerik.

Egzanp

« Epi li lapriyè Seyè a, li di l' konsa: --Seyè ki gen tout pouvwa, Bondye pèp Izrayèl la, ou menm ki chita sou fotèy zanj cheriben yo ap pote sou zepòl yo a, se ou menm **sèl** Bondye k'ap gouvènen tout peyi sou latè. Se ou menm ki fè syèl la ak latè a. » (**2 Wa 19 :15**)

« Seyè, se ou menm ki **sèl** mèt. Pa gen lòt. » (**Neemi 9 :6**)

« Koulye a, Seyè, Bondye nou an, tanpri, delivre nou anba men Senakerib, pou tout nasyon ki sou latè ka konnen se ou menm **sèl**, Seyè, ki Bondye. » (**Ezayi 37 :20**)

## Echad

Echad vle di youn (yon sèl) nan sans inyon, men pa nan sans nimerik.

Egzanp

« Se poutèt sa, gason an va kite papa l' ak manman l' pou l' mete tèt li ansanm ak madanm li, pou tout de fè **yon sèl**. » (**Jenèz 2 :24**)

« Epi li di. Koulye a, gade! Yo tout fè **yon sèl pèp**. Yo tout yo pale yon sèl lang. »  
(**Jenèz 11 :6a**)

Youn nan vèsè ki pi enpòtan pou pèp jwif la se vèsè ke nou jwenn nan **Deteronòm 6:4** ki li:

« שְׁמַע יִשְׂרָאֵל יְיָ אֱלֹהֵינוּ יְיָ אֶחָד »

« *Sh'ma Yisra'eil Adonai Eloheinu Adonai **echad**.* »

« *Koute Izrayèl Letènèl Bondye nou Letènèl youn.* »

« *Koute byen, nou menm pep Izrayèl! Seyè a, Bondye nou an, se li ki sèl mèt.* »

« *Écoute, Israël! l'Éternel, notre Dieu, est le seul Éternel.* »

\*\*\*Lè legliz te kòmanse ap grandi, youn nan bagay ke Jwif ki pat kwè nan Jezi yo te fè nan vèsè sa a, se te ranplase « echad » la pou « yachid ».

Poukisa ou panse ke yo te fè sa ?

---

---

---

Nan nouvo testaman ki te ekri nan lang grèk, nou jwen 2 mo sa yo :

1- Monos

2- Hen

## **Monos**

Monos menm jan ak Yachid vle di youn (yon sèl) nan sans nimerik

Egzanp

« *Men, pesonn pa konnen ni ki jou, ni ki lè sa va rive, pa menm zanj yo ki nan syèl la, pa menm Pitit la. Sèl Papa a konn sa.* » (**Matye 24:36**)

« *Se poutèt sa, ann chante, ann fè lwanj pou li pou tout tan, li menm ki sèl Bondye nou pa ka wè a, Wa ki la pou tout tan an epi ki p'ap janm mouri a. Amèn.* » (**1 Timote 1 :17**)

« *Jezi reponn li: Wete kò ou sou mwen, Satan. Paske, men sa ki ekri: Se Mèt la, Bondye ou, pou ou adore, se li menm sèl pou ou sèvi.* » (**Matye 4 :10**)

« Lavi ki p'ap janm fini an, se pou yo konnen ou, ou menm ki sèl Bondye tout bon an, ansanm ak moun ou voye a: Jezikri. » (Jan 17 :3)

« Wi, lwanj pou Bondye, li menm sèl ki gen bon konprann! Lwanj pou li nan Jezikri, depi tout tan epi pou tout tan! Amèn. » (Women 16 :27)

## Hen

Hen menm jan ak Echad vle di youn (yon sèl) nan sans inyon, men pa nan sans nimerik

« Apre sa li di: Se poutèt sa, gason an va kite papa l' ak manman l' pou l' mete tèt li ansanm ak madanm li. Yo tou de va fè **yon sèl** kò. » (Matye 4 :10)

« Mwen menm ak Papa m', nou fè **yon sèl**. » (Jan 10:30)

« Paske se **yon sèl** Bondye a ki genyen. L'ap fè moun ki sikonsi yo gras paske yo gen konfyans nan li. Konsa tou, l'ap fè moun ki pa sikonsi yo gras paske yo menm tou yo gen konfyans nan li. » (Women 3:30)

« Bon, men keksyon an: èske nou ka manje vyann bèt yo ofri bay zidòl? Nou konnen byen pwòp zidòl yo pa reprezante anyen ki vre sou latè. Se **yon sèl** Bondye a ki genyen. » (1 Korent 8:4)

« Koulye a pa gen diferans ant moun ki jwif ak moun ki pa jwif, pa gen diferans ant moun ki esklav ak moun ki pa esklav, ant fanm ak gason. Nou tout nou fè **yon** nan Jezikri. » (Galasi 3:28)

« pou nou menm, se **yon sèl** Bondye a ki genyen: se Papa a ki kreye tout bagay epi se pou li n'ap viv. Pou nou menm, se **yon sèl** Mèt ki genyen: se Jezikri, se nan li tout bagay soti, se li k'ap fè nou viv tou. » (1 Korent 8 :6)

« Ou kwè gen **yon sèl** Bondye. Ou fè byen. Denmon yo tou yo kwè sa, men y'ap tranble sitèlman yo pè. » (Jak 2:19)

Nan non Jezi

Nan Matye 28 :19, nou li :

« Allez, faites de toutes les nations des disciples, les baptisant **au nom** du Père, du Fils et du Saint Esprit »

« Ale fè disip pou mwen nan tout nasyon, batize yo **nan non** Papa a, Pitit la ak Sentespri a. »

Nou kapab wè ke non an pa an pliryèl ; se kòm si yon sèl non an pou touletwa. Nou jwenn yon lòt pasaj ki vrèman enteresan, se **Jan 17 :12** kote ke Jezi di :

*« Pandan m' te la avèk yo, mwen te pwoteje yo ak pouvwa **non ou, menm non** ou te ban mwen an. Mwen te pwoteje yo: yo yonn pa t' pèdi, esepite nonm ki pou te pèdi a, pou sa ki te ekri nan Liv la rive vre. »*

*« Aussi longtemps que j'étais parmi eux, je les ai gardés par le pouvoir de **ton nom, ce nom** que tu m'as donné; je les ai protégés et aucun d'eux ne s'est perdu (sauf celui qui devait se perdre pour que s'accomplisse l'Écriture). » (BDS)*

Se sak fè lè ke Toma te rele Jezi Bondye, Jezi pat dezapwouve sa. Nan Jan 20 :27 a 29, nou li :

*« Apre sa li di Toma: Mete dwèt ou isit la. Men. Gade men m' yo. Lonje men ou, mete l' la bò kòt mwen. Wete doutans nan kè ou. Kwè, tandè. **Toma reponn li: Seyè mwen, Bondye mwen!** Jezi di li: Koulye a, se paske ou wè m' kifè ou kwè? benediksyon pou tout moun ki va kwè san yo pa wè mwen! »*

### **Pou konkli, èske Bondye se youn osinon twa ?**

Papa a se Bondye (100%); Pitit la se Bondye (100%) ; Sentespri se Bondye (100%). Lè yo ansanm, yo pa twa Bondye, yo se Bondye (100%)

## Eske Bondye genyen moun ke li rayi?

Pou anpil moun ki genyen konfyans nan Bondye, premye repons kap pase nan tèt yo pou kesyon sa a, se non. Le nou li nan yon pasaj ke anpil moun konnen, se **Jan 3 :16** ki li :

*« Paske, Bondye sitèlman renmen lèzòm li bay sèl Pitit li a pou yo. Tout moun ki va mete konfyans yo nan li p'ap pedi lavi yo. Okontrè y'a gen lavi ki p'ap janm fini an. »*

Lè nou gade vèsè sa a, nou wè ke Bondye renmen tout moun. Kounye a. an nou gade nan Malachi **1 :2 a 3** ki li :

*« Seyè a di: Mwen renmen nou! Men, pèp la reponn: Ki jan ou renmen nou an? Men sa Seyè a reponn yo: Ezaou ak Jakòb, apa de frè yo ye. Mwen renmen Jakòb ak tout pitit pitit li yo. Men, mwen rayi Ezaou ak tout pitit pitit li yo. Mwen ravaje tout mòn peyi Ezaou a. Mwen fè peyi yo a tounen savann kote bèt nan bwa rete. »*

Bondye di ke non sèlman li rayi Ezaou, men Li rayi menm pitit pitit Ezaou yo. Pòl te fè referans ak pasaj sa a nan **Women 9 :10 -13** ki li :

*« Gen lòt pawòl toujou pou di sou pwèn sa a: Rebeka te fè de pitit gason pou yon sèl papa, Izarak granpapa nou. Men, Bondye gen jan pa l' pou l' chwazi moun. Bondye pa chwazi yon moun paske moun lan fè anyen pou sa, men paske Bondye vle chwazi li. Enben, pou fè nou wè se konsa li toujou fè, Bondye pale ak Rebeka anvan menm timoun yo te fèt, anvan menm yo te fè anyen ni an byen ni an mal. Li di l' konsa: Pi gran an gen pou sèvi pi piti a. Dapre sa ki te ekri: **Mwen renmen Jakòb, mwen rayi Ezaou.** »*

Nan pasaj sa yo ke nou li la a, nou jwenn ke Bondye renmen tout moun, anmenmtan an, genyen moun ke Li rayi. Bagay sa pa fè sans pou nou !!!

Si nou ta ale pi lwen pou nou ta poze kesyon sa a. Eske, nou menm kretyen dwe renmen tout moun ? Anpil moun gen dwa reponn : wi !. Lè nou gade nan **Matye 5 :43 a 48** ki li :

*« Nou tande ki jan nan tan lontan yo te di: Se pou nou renmen frè parèy nou, men se pou nou rayi lènmi nou yo. Men mwen menm, men sa m'ap di nou: renmen tout lènmi nou yo, lapriyè pou moun k'ap pèsekite nou. Se konsa n'a tounen pitit Papa nou ki nan syèl la. Paske, li fè solèy la leve ni pou moun ki mechan ni pou moun ki bon. Li fè lapli tonbe ni pou moun k'ap fè sa ki byen ni pou moun k'ap fè sa ki mal.*

*Si nou plede renmen moun ki renmen nou ase, ki rekonpans nou merite pou sa? Eske pèseptè kontribisyon yo pa fè sa tou? Lèfini, si se frè nou ase nou di bonjou, se yon pakèt afè sa ye atò? Eske moun lòt nasyon yo pa fè sa tou? **Non, nou fèt pou nou bon nèt, menm jan Bondye Papa nou ki nan syèl la bon nèt.** »*

Jezi mande pou nou renmen tout moun. Ata lènmi nou yo, nou dwe renmen yo. An nou gade ankò sa ke Jezi di nan **Lik 14 :25 a 26**.

*« Lè sa a, te gen anpil anpil moun ki t'ap fè wout ansanm ak Jezi. Li vire, li di yo: Yon moun ki vin jwenn mwen, si li pa rayi papa l', manman l', pitit li, frè l', sè l', menm pwòp tèt pa l', li pa kapab disip mwen. »*

Nan pasaj sa a, Jezi di ke pou yon moun swiv li, moun nan dwe rayi tout fanmi li. Kounye a, an nou gade sa Jan ekri nan **1 Jan 4 : 20 a 21** ki li :

*« Si yon moun di: **mwen renmen Bondye**, pou anmenmtan **pou l' rayi frè l', moun sa a ap bay manti**. Paske, si li pa renmen frè l', yon moun li ka wè, li pa ka renmen Bondye li pa ka wè a. Se sak fè, men kòmandman Kris la ban nou: **Moun ki renmen Bondye, yo fèt pou renmen frè yo tou**. »*

Repons :

Bondye renmen tout moun. Se menm jan an tou, nou dwe renmen tout moun. Nan **Lik 14** kote ke Jezi di ke fòk yon moun rayi fanmi li pou li kapab disip Jezi, se yon kesyon de preferans osinon de priyorite ke pasaj sa a ap pale. Pou yon moun swiv Jezi, fòk Jezi genyen premye plas nan lavi moun sa a. Nou dwe renmen Jezi plis pase tout bagay ki kapab egziste. Sa vle di nou dwe renmen Jezi plis ke madanm, mari, manman, papa, pitit, ata tèt nou.

Se menm jan an tou, Bondye pa rayi Ezaou nan sans ke Li pa vle wè li. Men Bondye te prefere Jakòb ke Ezaou. Depi anvan ke 2 timoun yo te fèt, Bondye te gen tan chwazi youn ke li te prefere san ke yo pat ankò fè anyen. Pòl di ke Bondye gen jan pa l' pou l' chwazi moun. Bondye pa chwazi yon moun paske moun lan fè anyen pou sa, men paske Bondye vle chwazi li.

## Eske bib la anseye ke Enòk ak Eli pat pase pa lanmò ?

Genyen anpil etidyan bibliik ki aprann ke Enòk ak Eli se 2 moun ki monte nan syèl tou vivan e ki pat janm rive mouri. Anpil nan moun sa yo kwè ke 2 temwen ke nou jwenn nan **Revelasyon 11, vèsè 3 a 5** ki li :

*« M'ap voye **de temwen** m' yo ak rad sak sou yo, pou yo fè konnen mesaj Bondye a pandan mil desanswasant (1.260) jou. **De temwen yo se de pie oliv ak de lanp ki kanpe la devan Mèt tout latè a.** Si yon moun chache fè yo mal, dife ap soti nan bouch yo, l'ap detwi tout lènmi yo. Se konsa moun k'ap chache fè yo mal gen pou mouri. »*

Jan ke moun sa yo wè li, 2 temwen sa yo se Enòk ak Eli paske mesye sa yo te monte nan syèl tou vivan. Men, an nou gade si bib la anseye sa vre ?

### Enòk

Nou genyen 2 pasaj ki pale nou de Enòk ; nou pwale gade kisa yo di. Nan **Jenèz 5 :21-24**, nou li :

*« Enòk te gen swasanssenkan lè li vin gen yon pitit gason yo rele Metouchela. Apre nesans Metouchela, Enòk te mache byen ak Bondye pandan twasanzan (300 an). Li te vin gen anpil lòt pitit gason ak pitit fi. Enòk te pase tout vi l' ap mache byen ak Bondye. **Li te gen twasanswasanssenkan (365 an) lè l' disparèt, paske Bondye te pran l' avè l'.** »*

*« Hénoc, âgé de soixante-cinq ans, engendra Metuschélah. Hénoc, après la naissance de Metuschélah, marcha avec Dieu trois cents ans; et il engendra des fils et des filles. Tous les jours d'Hénoc furent de trois cent soixante-cinq ans. **Hénoc marcha avec Dieu; puis il ne fut plus, parce que Dieu le prit.** »*

Nan premye pasaj sa a, pa genyen anyen nan pasaj la ki di ke li monte nan syèl la san ke li pa mouri. Pasaj la pa montre pou ki rezon ke sa te fèt ; nou sèlman wè ke misye te viv pandan twasanswasanssenkan (365 an) epi li pat la ankò paske Bondye te pran li.

Nan dezyèm pasaj la ke nou jwenn nan **Ebre 11 :5**, nou li :

*« Se paske Enòk te gen konfyans nan Bondye kifè **li moute nan syèl la bò kot Bondye san li pa janm mouri**; apre sa, pesonn pa janm wè kote l' ye ankò. Se Bondye menm ki te fè pran l' mennen l' bò kote li. Nou jwenn ekri nan Liv la ki jan Enòk te fè Bondye plezi lontan anvan Bondye te fè l' moute nan syèl la. »*

« C'est par la foi qu'**Énoch fut enlevé pour qu'il ne vît point la mort, et qu'il ne parut plus parce Dieu l'avait enlevé**; car, avant son enlèvement, il avait reçu le témoignage qu'il était agréable à Dieu. » (Louis Segond) (LSG)

« C'est à cause de sa foi qu'**Hénoch a été enlevé pour échapper à la mort, et on ne l'a plus retrouvé parce que Dieu l'avait enlevé**. Avant d'être enlevé, il avait en effet reçu le témoignage qu'il était agréable à Dieu. » (Segond 21) (SG21)

« Par la foi, **Hénoch a été enlevé auprès de Dieu pour échapper à la mort et on ne le trouva plus, parce que Dieu l'avait enlevé**. En effet, avant de nous parler de son enlèvement, l'Écriture lui rend ce témoignage: il était agréable à Dieu. » (La Bible du Semeur) (BDS)

1- Nan tèks orijinal grèk la, nou pa jwenn lide ki parèt nan vèsyon kreyòl la ki fè pwèn ke « **li moute nan syèl la bò kot Bondye** ». Tèks orijinal la apiye vèsyon yo di ke Enòk te anlve. Anlèvman pa vle di ke se nan syèl kote Bondye ye a ke li ale. Nan **Travay 8**, nou jwenn istwa Filip ak chèf etyopyen an. Aprè Filip te fin batize etyopyen an, nan **vèsè 39 a 40**, nou li:

« Lè yo soti nan dlo a, **Lespri Bondye fè Filip disparèt**, gwo chèf la pa janm wè l' ankò. Men, li kontinye chemen l' ak kè kontan. Filip menm rete konsa li wè li lavil Azòt. Apre sa, li pran mache. Nan tout ti bouk kote l' pase, li anonse bon nouvèl la jouk li rive lavil Sezare. »

« Quand ils furent sortis de l'eau, **l'Esprit du Seigneur enleva Philippe**, et l'eunuque ne le vit plus. Tandis que, joyeux, il poursuivait sa route, Philippe se trouva dans Azot, d'où il alla jusqu'à Césarée, en évangélisant toutes les villes par lesquelles il passait. »

Lespri Bondye te anlve Filip epi chèf etyopyen pat wè li ankò ; men, pasaj la di ke Filip te rekonèt li nan lavil Azòt. Bib la pa di ke Enòk te monte nan syèl ; Bib la di ke Bondye te anlve Enòk pou li te chape anba lanmò.

2- Ankò, nou wè ke vèsyon kreyòl la di : « li moute nan syèl la bò kot Bondye **san li pa janm mourir** ». Men, chape anba lanmò pa vle di ke li pa janm mourir. Nan Ebre 11 lan, Bib la bay lis yon bann mesye ki te genyen konfyans nan Bondye. An nou gade sa **Ebre 11, vèsè 4 a 13** la di, espesyalman **vèsè 13** la :

« 4 Se paske **Abèl te gen konfyans nan Bondye** kifè li te ofri bay Bondye yon ofrann bèt ki pi bon pase pa Kayen an. Paske li te gen konfyans, Bondye asepte l' pou yon moun ki dwat. Se konsa Bondye te asepte kado li te fè l' la. Se paske li te gen konfyans sa a kifè Abèl ap pale toujou jouk koulye a, atout li mourir.



5 Se paske **Enòk te gen konfyans** nan Bondye kifè li moute nan syèl la bò kot Bondye san li pa janm mouri; apre sa, pesonn pa janm wè kote l' ye ankò. Se Bondye menm ki te fè pran l' mennen l' bò kote li. Nou jwenn ekri nan Liv la ki jan Enòk te fè Bondye plezi lontan anvan Bondye te fè l' moute nan syèl la.

6 Nou konnen pesonn pa ka fè Bondye plezi si li pa gen konfyans nan Bondye. Moun ki vle pwoche bò kot Bondye, se pou yo kwè gen yon Bondye, yon Bondye k'ap rekonpanse tout moun k'ap chache li.

7 Se paske **Noe te gen konfyans** nan Bondye kifè Bondye te fè l' konnen davans bagay ki tapral rive, bagay li menm Noe pa t' ankò kapab wè. Li koute Bondye, li bati yon gwo batiman. Se ladan batiman sa a li te jwenn delivrans ansanm ak tout fanmi li. Se konsa, li kondannen tout lòt moun yo. Men, Bondye te fè Noe gras paske Noe te gen konfyans sa a nan li.

8 Se paske **Abraram te gen konfyans** nan Bondye kifè li te obeyi lè Bondye te rele l' la. Li pati pou peyi Bondye tapral ba li pou pòsyon eritaj pa li. Li leve, li kite peyi l' la, san l' pa t' konnen ki bò li taprale.

9 Paske li te gen konfyans nan Bondye, se anba tant twal li te rete. Li t'ap viv nan peyi Bondye te pwomèt li a tankou yon etranje ki depasaj. Se konsa Izarak ak Jakòb te fè tou, yo menm ki te resevwa menm pwomès la nan men Bondye.

10 Paske, Abraram menm t'ap tann lavil ki gen bon fonadasyon solid la. Se Bondye ki te fè plan lavil sa a, epi se li menm tou ki te bati li.

11 Se paske Abraram te gen konfyans nan Bondye kifè Bondye te ka fè l' fè pitit, atout li te fin depase laj pou sa, atout Sara pou tèt pa l' tou pa t' kapab fè pitit ankò. Li te sèten Bondye t'ap kenbe pwomès li.

12 Se konsa, yon sèl nonm ki te tou fin mouri rive gen kantite pitit pitit moun pa ka konte: yo tankou zetwal nan syèl la, yo tankou grenn sab bò lanmè.

13 **Tout moun sa yo mouri ak konfyans pou Bondye nan kè yo.** Yo pa t' gen tan resevwa benediksyon Bondye te pwomèt yo, men yo wè benediksyon yo byen, lwen, yo salwe yo delwen. Yo tout te deklare se etranje depasaj sou latè yo ye, tankou moun yo depòte. »

Sa ki enteresan pou mwen, sè ke genyen moun ki pran vèsè 5 lan pou di ke Enòk pat janm mouri epi lè ou li pi ba, pasaj la di klèman ke tout moun sa yo mouri ak konfyans pou Bondye nan kè yo.

## Eli

Eli se yon lòt moun ke anpil moun kwè ki te monte nan syèl. Pasaj ke nou jwenn istwa sa a, se 2 Wa 2. Nan **2 Wa 2 :11**, nou li :

« *Yo t'ap mache ansanm, yo t'ap pale yonn ak lòt lè yon cha dife ak chwal dife vin nan mitan yo. Epi li pote **Eli moute nan syèl nan yon gwo toubouyon.*** »

« *Comme ils continuaient à marcher en parlant, voici, un char de feu et des chevaux de feu les séparèrent l'un de l'autre, et **Élie monta au ciel dans un tourbillon.*** »

Eske pasaj sa a di ke Eli monte nan syèl kote Bondye ye a tou vivan?

## Syèl

Lè nou gade “syèl” nan bib la, nou jwenn diferan sòt de syèl.

1- Nou jwenn yon premye syèl ki se lespas kote zwazo yo ap vole a. Nan **Jenèz 1 :20**, nou li:

« *Bondye di ankò. Se pou dlo yo kale anpil anpil bèt vivan. Se pou **zwazo vole nan syèl la anwo tè a.** Se konsa sa te pase.* »

« *Dieu dit: Que les eaux produisent en abondance des animaux vivants, et que **des oiseaux volent sur la terre vers l'étendue du ciel.*** »

2- Nou jwenn yon dezyèm syèl ki ankò pi wo ke kote zwazo yo vole ; li pi wo ke kote avyon yo pase a. Lè nou tandè nan nouvèl ke astwonòt ale nan lespas, se nan pati sa a ke nou jwenn setwal yo tankou solèy la, lalin lan. Nan **Jenèz 15 :5**, nou li :

« *Seyè a fè Abram soti deyò, li di l' konsa **Leve je ou, gade syèl la byen.** Konte zetwal yo si ou kapab. Apre sa, li di. Pitit pitit ou yo va anpil tankou zetwal nan syèl la.* »

« *Et après l'avoir conduit dehors, il dit: **Regarde vers le ciel, et compte les étoiles, si tu peux les compter.** Et il lui dit: Telle sera ta postérité.* »

3- Apòt Pòl fè referans ak yon twazyèm syèl ke li te rele « paradi » nan **2 Korent 12 :2 a 4** ki li :

« *Mwen konnen yon moun k'ap viv nan Kris la, ki te **transpòte jouk anwo nèt nan syèl la.** Sa gen katòzan depase. (Mwen pa konn ki jan sa te fè fèt, mwen pa ka di si l' te moute tout bon nan kò l', osinon si se te yon vizyon li te fè. Se Bondye sèl ki konnen.) Wi, mwen konnen nonm sa a te santi l' **moute jouk anwo nan paradi.** M'ap repete, mwen pa ka di si li te moute tout bon nan kò l', osinon si se te yon*

vizyon li te fè. Se Bondye sèl ki konnen. Antan l' te la, li tandè yon bann pawòl bouch moun pa ka pale, koze moun pa gen dwa repete.»

« *Je connais un homme en Christ, qui fut, il y a quatorze ans, ravi jusqu'au troisième ciel (si ce fut dans son corps je ne sais, si ce fut hors de son corps je ne sais, Dieu le sait). Et je sais que cet homme (si ce fut dans son corps ou sans son corps je ne sais, Dieu le sait) fut enlevé dans le paradis, et qu'il entendit des paroles ineffables qu'il n'est pas permis à un homme d'exprimer.* »

Konsa, nou pa wè anyen nan pasaj la ki pwouve ke se nan twazyèm syèl la ke Eli te ale. Anplis, lè nou li sa le Jezi di nan **Jan 3:13**, nap wè ke Eli pat monte nan syèl kote Bondye ye a. Nou li :

« *Pesonn pa janm moute nan syèl la, esepte Moun Bondye voye nan lachè a ki desann soti nan syèl la.* »

« *Personne n'est monté au ciel, si ce n'est celui qui est descendu du ciel, le Fils de l'homme qui est dans le ciel.* »

## **Lèt pwofèt Eli te voye bay Joram nan.**

Nan epòk istwa nan ansyen testaman yo tap ekri, yo te kontwòle ane yo baze sou ki wa ki sou pouvwa a epi sou konbyen ane ke wa a genyen sou pouvwa. Konsa, nou pwal fè yon kontwòl menm jan yo te konn fè sa nan lansyen tan.

Nan **2 Wa 2 :1 a 3**, nou jwenn ke Bondye pral pran Eli ; nou li :

« *Lè a te rive pou Seyè a te fè Eli moute nan syèl nan yon toubouyon. Eli ak Elize pati ansanm, yo kite lavil Gilgal. Eli di Elize konsa: --Ou mèt rete isit la tandè, paske Seyè a ban m' lòd pou m' al Betèl. Men, Elize reponn li: --Mwen pran ou menm ansanm ak Seyè ki vivan an pou temwen, mwen p'ap kite ou ale pou kont ou. Se konsa yo pati ansanm pou lavil Betèl. Men, yon gwoup pwofèt ki te rive lavil Betèl vin kontre Elize, yo di l' konsa: --Ou pa konnen Seyè a pral pran mèt ou a jòdi a? Elize reponn yo: --Mwen konn sa wi. Men nou menm, nou pa bezwen di anyen ankò! »*

Nan **2 Wa 3**, nou jwenn Joram, wa Izrayèl la mete ansanm ak Jozafa kise wa Jida a pou ale batay kont wa peyi Moab la. Nou jween ke se Elize ki rekonèt kòm pwofèt paske Eli te gen tan anlve. Nan **premye vèsè a**, nou li :

« *Lè sa a, wa Jozafa t'ap mache sou dizwitan depi li t'ap gouvènen nan peyi Jida lè Joram, pitit Akab la, moute sou fotèy wa peyi Izrayèl la. Li pase douzan ap gouvènen nan lavil Samari.* »

**Vèsè 9 a 13** la li :

« *Se konsa Joram, wa peyi Izrayèl la, ansanm ak wa peyi Jida a ak wa peyi Edon an pati. Yo pase sèt jou ap mache. Lè sa a dlo yo fini, pa t' gen yon ti gout dlo ni pou sòlda yo ni pou bèt chay ki te avè yo. Joram, wa peyi Izrayèl la, di: --Woy! Nou fini! Seyè a fè nou tou twa vin isit la ansanm pou l' lage nou nan men wa Moab la.*

**Jozafa mande: --Pa gen yon pwofèt bò isit la ki ta ka pale ak Seyè a pou nou? Yonn nan chèf wa peyi Izrayèl yo di: --Bò isit la gen Elize, pitit gason Chafa a. Se li ki t'ap sèvi ak Eli. Jozafa di: --Sèten l'ap gen kichòy pou l' di nou nan non Seyè a! Se konsa wa peyi Izrayèl la ansanm ak Jozafa ak wa peyi Edon an pati, y' al wè Elize.**

*Elize di wa Izrayèl la konsa: --Ki rapò m' gen avè ou! Al wè pwofèt papa ou ak manman ou te konn al wè yo! Joram reponn: --Non! Se Seyè a ki voye chache nou pou l' lage nou twa wa sa yo nan men wa peyi Moab la. »*

Nan **2 Wa 8 :16 a 19**, nou jwenn ke Joram, **pitit gason Jozafa** moute wa nan plas papa l' kòm wa nan peyi Jida. Lè sa a, **Joram, pitit gason Akab** la, t'ap mache sou senkan depi li t'ap gouvènen peyi Izrayèl. Nou li :

« *Wa Joram, pitit gason Akab la, t'ap mache sou senkan depi li t'ap gouvènen peyi Izrayèl lè Joram, pitit gason Jozafa ki te wa peyi Jida a, moute wa nan plas papa l'. Li te gen tranndezan lè li moute wa. Li gouvènen nan lavil Jerizalèm pandan witan. Li te marye ak yon pitit fi Akab. Tankou lòt moun fanmi Akab yo, li mache pye pou pye dèyè wa peyi Izrayèl yo. Li fè sa ki mal nan je Seyè a. Men, Seyè a pa t' vle detwi peyi Jida a, paske li te pwomèt David, sèvitè l' la, t'ap toujou gen yon moun nan ras li pou gouvènen peyi a devan Seyè a. »*

Istwa a kontinye nan **2 Istwa 21** kote nou wè ke Joram te fè witan (8 ane) sou pouvwa. Nan **vèsè 4 a 7**, nou li :

« *Lè Joram moute wa nan plas papa l', li chita otorite l' byen chita nan peyi a. Lèfini, li fè touye tout frè l' yo ansanm ak kèk gwo chèf pèp Izrayèl la. Joram te gen tranndezan lè li moute wa. Li gouvènen lavil Jerizalèm pandan witan. Li fè tankou wa Akab ak lòt wa peyi Izrayèl yo te fè. Li te marye ak yon pitit fi Akab, li fè sa ki mal nan je Seyè a. Men Seyè a pa t' vle detwi fanmi David la, paske li te pase kontra ak David. Li te pwomèt David li t'ap toujou gen yon moun nan ras li pou gouvènen peyi a devan Seyè a. »*

Nou kontinye li nan **vèsè 12 a 20** ki pale nou de yon lèt ke pwofèt Eli voye bay Joram

« *Se konsa Joram resevwa yon lèt pwofèt Eli te voye ba li. Nan lèt la pwofèt la di:*

*-Men sa Seyè a, Bondye David, zansèt w'a a, voye di ou: Ou pa swiv egzanp Jozafa, papa ou, ni egzanp Asa, granpapa ou. Ou te pito swiv egzanp wa peyi Izrayèl yo. Ou lakòz peyi Jida a ak tout moun lavil Jerizalèm yo vire do bay Bondye tankou moun fanmi Akab yo te fè l' la. Ou menm rive touye frè ou yo, pwòp pitit papa ou yo, ki te pi bon pase ou. Se poutèt sa, Seyè a pral voye yon gwo malè sou pèp la, sou pitit ou yo, sou madanm ou yo ak sou tou sa ou genyen. Ou menm pou tèt pa ou, ou pral malad anpil. Ou pral gen yon sèl maladi vant ki pral fè ou soufri jouk trip ou va soti.*

*Lè sa a, te gen kèk moun Filisti ak moun Arabi ki t'ap viv toupre ak moun Letiopi yo. Seyè a fè yo vin atake Joram. Yo anvayi peyi Jida, yo piye palè wa a, yo fè tout madanm li yo prizonye ansanm ak tout pitit gason l' yo. Sèl pitit gason yo te kite pou li se te Joakaz, ti dènye a. Apre sa, Seyè a voye yon sèl maladi vant sou li ki pa t' ka geri. **Pandan dezan maladi a t'ap minen l', trip li yo soti, li t'ap soufri anpil lè li mouri.** Pèp la pa t' limen boukan pou li jan yo te fè l' pou zansèt li yo. Joram te gen tranndezan lè li moute wa, li gouvènè lavil Jerizalèm pandan witan. Pesonn pa t' pran lapenn pou li lè li mouri. Yo antere l' nan lavil David la, men yo pa mete l' nan tonm wa yo.»*

Nou fè tout pakou sa yo pou nou kapab wè ke plizyè ane (anviwon 10 ane) te pase aprè anlèvman Eli a lè Joram te resevwa lèt la. Bib la pa di kibò Eli te ye, men Eli te yon zòn kote ke li te aprann tout sa ki tap pase nan Jerizalèm.

Pou fini, an nou gade yon lòt pasaj ke kèk moun pran pou di ke Eli pat janm mouri. Nan **Matye 17 :1 a 4**, nou li :

*« Sis jou apre sa, Jezi pran Pyè, Jak ak Jan, frè Jak la, li mennen yo pou kont yo sou tèt yon mòn byen wo. Antan Jezi te la, li pran chanje devan yo. Figi l' vin klere tankou solèy la. Rad li vin blan tankou yon limyè. Twa disip yo wè Moyiz ak Eli parèt, yo t'ap pale ak Jezi. Lè sa a, Pyè pran lapawòl, li di Jezi konsa: Met, sa bon nèt pou nou isit la. Si ou vle, m'ap moute twa ti kay, yonn pou ou, yonn pou Moyiz ak yonn pou Eli. »*

Nan **Deteronòm 34, vèsè 5 a 6**, nou li :

*« Se la Moyiz, sèvitè Seyè a, te mouri nan peyi Moab la, jan Seyè a te di li t'ap mouri a. Seyè a antere l' nan peyi Moab la, nan fon ki anfas Bèt-Peyò a. Jouk jòdi a, pesonn pa konnen ki kote li antere. »*

Vizyon ke nou li nan Matye 17 la pa pwouve ke Eli pat janm mouri paske mesye yo te wè Moyiz tou, men pasaj nan Deteronòm lan montre nou ke Moyiz te mouri.

An nou gade 2 pasaj !

**Jan 8: 51** li :

*« Sa m'ap di nou la a, se vre wi: moun ki fè tou sa mwen di l' fè, li p'ap janm mouri. »*

**Jan 11: 26** li :

*« Moun k'ap viv, epi ki mete konfyans yo nan mwen, yo p'ap janm mouri. Eske ou kwè sa? »*

Kisa ou panse de 2 pasaj sa yo ?

---

---

---

---



